



Haitian Creole Edition
Grade 7 Mathematics Test, Book 1
March 6–12, 2008

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 1

Ane **7**

6–12 mas 2008



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2008 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijasyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstwiksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi repons ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.

Egzanp A



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ki sipèfisi rektang ki anba a an santimèt kare?




- A 15
- B 17
- C 30
- D 34

Egzanp B



Sèvi ak rapòtè ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ki mezi ang x yo montre anba a?




- A 30°
- B 45°
- C 90°
- D 150°

RETE LA

1

Ki kouwòdone pwen P?



- A (2, 3)
- B (3, 2)
- C (-2, 3)
- D (3, -2)

Kontinje

2

Kisa 6.200 mililit ye lè li konvèti an lit?

$$1 \text{ lit} = 1.000 \text{ mililit}$$

- A 62
- B 6,2
- C 620
- D 0,62

3


Ki valè x pou fè ekwasyon anba a vrè?

$$6x - 9 = 39$$

- A 5
- B 8
- C 13
- D 24

4

Yon poligòn reprezante sou plan kouwòdone ki anba a.



LEJANN
□ = 1 inite kare

Ki sipèfisi poligòn lan an inite kare?

- A 25
- B 32
- C 43
- D 55

Kontinye

5

Michael antre nan yon kous bisiklèt k ap fèt sou yon distans 120 mil. Li kouri bisiklèt la yon vitès 24 mil a lè. Kilè Michael ap fini, an èdtan, pou kous la?

$$d = rt$$

- A 2
- B 5
- C 0,2
- D 0,5

6

Ki nonb pami sa yo ki se yon nonb irasyonèl?

- A -2
- B $\sqrt{56}$
- C $\sqrt{64}$
- D 3,14

7






Ki pi piti miltip komen (LCM) 8, 12, ak 18?

- A 24
- B 36
- C 48
- D 72

8

Yo montre kantite pwason yo te vann nan yon makèt pwason pandan yon sèten semenn nan piktogram ki anba a.

PWASON YO TE VANN

Lendi	
Madi	
Mèkredi	
Jedi	
Vandredi	

LEJANN
 = 5 pwason

Ki kantite total pwason yo te vann madi ak mèkredi?

- A 10
- B 25
- C 45
- D 50

9

Ki valè ekspresyon $r^2 + s^3$ si $r = 5$ epi $s = 3$?

- A 19
- B 34
- C 52
- D 85

Kontinye

10

Veronica genyen yon bwat ki genyen 24 foto fanmi li, 6 foto chyen li, ak 12 foto zanmi li yo. Veronica chwazi yon foto owaza nan bwat la. Ki fraz ki **pi byen** dekri sa k pral kapab rive?

- A** L ap chwazi kanmenm yon foto fanmi li.
- B** Genyen plis chans pou li chwazi yon foto fanmi li.
- C** Genyen menm chans pou li chwazi yon foto fanmi li oswa yon foto chyen li.
- D** Genyen menm chans pou li chwazi yon foto fanmi, yon foto chyen li, oswa yon foto zanmi li yo.

11

Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$5 + 3 \cdot 2 - 4^2 \cdot |-2|$$

- A** 43
- B** 48
- C** -16
- D** -21

- 12** Si sikonferans yon sèk se 16π , ki reyon sèk la?

$$C = 2\pi r$$

- A** 4
- B** 8
- C** 16
- D** 32

- 13** Yon papiyon peze sèlman apeprè $5,0 \times 10^{-5}$ yon kilogram. Ki nonb sa a sou fòm estanda a?

- A** 0,00005
- B** 0,000005
- C** 50.000
- D** 500.000

Kontinye

14

Chak jou a 7è00 A.M., Tamara te note tanperati deyò a an degre Farenhayt (°F). Li te mete done yo pou yon semenn nan tablo ki anba a.

Jou	Tanperati (°F)
Lendi	58
Madi	48
Mèkredi	49
Jedi	61
Vandredi	58
Samdi	51
Dimanch	39

Ki **etandi** pou tanperati ki prezante nan tablo a?

- A** 19°F
- B** 22°F
- C** 38°F
- D** 61°F

15

Hector te depanse \$17 pou yon tib penti ak 5 penso. Tib penti a koute \$8. Ki ekwasyon ou kapab itilize pou jwenn b , pri chak penso?

- A** $17 = 5b + 8$
- B** $17 = 8b + 5$
- C** $17b = 5 + 8$
- D** $17 = b + 5 + 8$

16

Yon de se yon kib ki genyen chak kote nimewote de 1 jiska 6. Debbie woule yon de 60 fwa. Tablo frekans ki anba a montre kantite fwa chak chif, de 1 jiska 6, te parèt.

WOULMAN YON DE

Chif ki sou de a	Kantite fwa li woule
1	
2	
3	
4	
5	
6	

Anvan eksperyans li an, Debbie te prevwa pou chak chif ki sou kib la parèt menm kantite fwa. Ki fraz ki **pi byen** konpare rezilta woulman Debbie avèk previzyon li yo?

- A** Debbie te woule plis 5 pase sa li te prevwa.
- B** Debbie te woule mwens 4 pase sa li te prevwa.
- C** Debbie te woule plis 3 pase sa li te prevwa.
- D** Debbie te woule mwens 2 pase sa li te prevwa.

17

Ant ki de nonb antye $\sqrt{29}$ ye?

- A** 4 ak 5
- B** 5 ak 6
- C** 13 ak 14
- D** 14 ak 15

Kontinye

18

Magazen Videyo Kasim lan resevwa yon kagezon DVD. Tablo anba a montre kantite chak kalite DVD ki nan kagezon an.

Kalite	Kantite DVD
Aksyon	12
Syans fiksyon	3
Komedi	6
Wèstèn	9

Kasim chwazi yon DVD owaza nan kagezon an. Ki pwobabilite pou li chwazi yon fim Wèstèn?

- A $\frac{1}{4}$
- B $\frac{1}{9}$
- C $\frac{9}{21}$
- D $\frac{9}{30}$

19

Bwat flè ki devan bibliyotèk prensipal vil la peze 124 ons. Ki pwa bwat flè a an liv?


$1 \text{ liv} = 16 \text{ ons}$

- A $7\frac{1}{2}$
- B $7\frac{3}{4}$
- C 868
- D 1984

20 Ki pi gran faktè komen (GCF) 108 ak 420?

- A 6
- B 9
- C 12
- D 18

21 Alison ap fè lesiv pou fanmi li epi li decide konte tout mayo yo. Li trase graf anba a pou montre konbyen mayo nan chak koulè fanmi li mete nan lesiv la.




[pa trase selon echèl la]

Ki pousantaj nan kantite mayo yo ki wouj?

- A 20%
- B 25%
- C 36%
- D 90%

Kontinye

Graf anba a montre kalite enstriman elèv ki nan lekòl la jwe.




Yo te chwazi Janelle pou li jwe yon solo. Ki pwobabilite pou li jwe yon enstriman-a-kòd?

- A** $\frac{6}{24}$
- B** $\frac{8}{24}$
- C** $\frac{6}{32}$
- D** $\frac{8}{32}$

23

Ki meyè **estimasyon**, an santimèt kare, pou sipèfisi prism rektangilè yo montre anba a?



[pa trase selon echèl la]

$$\text{Sipèfisi} = 2wl + 2lh + 2wh$$

- A 14
- B 20
- C 32
- D 48

Kontinye

24

Yon bwat genyen ladan l 3 plim, 2 makè ak 1 souliyè. Tara chwazi yon atik owaza epi li pa remete li nan bwat la. Answit, li chwazi yon dezyèm atik owaza. Ki pwobabilite pou Tara chwazi 1 plim epi answit 1 makè?

A $\frac{5}{36}$

B $\frac{27}{30}$

C $\frac{6}{30}$

D $\frac{6}{36}$

25

Yo montre depans ak lavant pou magazen yon lekòl pou yon peryòd twa mwa nan tablo ki anba a.

Mwa	Depans	Lavant
Septanm	\$125,00	\$47,00
Oktòb	\$0,00	\$65,00
Novanm	\$57,00	\$28,00

Dapre done ki nan tablo a, ki pèt oswa benefis magazen an fè pou peryòd twa mwa yo?

A pèt \$182,00

B pèt \$42,00

C benefis \$15,00

D benefis \$140,00

26 Ki ekspresyon ki gen **pi gwo** valè a?

- A** $1,045 \times 10^2$
- B** $1,45 \times 10^2$
- C** $8,4 \times 10^{-2}$
- D** $-8,4 \times 10^2$

27 Ki zouti ki **pi** apwopriye pou mezire mas yon tranch fwomaj?

- A** règ
- B** tèmomèt
- C** tas mezi
- D** balans


28 Genyen 500 elèv nan lekòl Andrew a. Andrew vle fè yon sondaj sou yon echantyon elèv pou detèmine matyè ki pi popilè nan lekòl la. Ki metòd echantyonaj ki **pi bon** pou itilize pou prevwa matyè ki pi popilè nan lekòl la?

- A** chwazi owaza 50 elèv nan lis 500 elèv yo
- B** chwazi owaza 10 elèv ki pran repa midi yo nan kafeterya a
- C** chwazi 50 premye ti fi ki antre nan oditoryòm lan pou yon reyinyon
- D** chwazi 25 premye elèv k ap sòti nan bilding lan lè lekòl lage

Kontinye

29

Carlos te itilize 4 yad kib sab pou ranpli bwat sab li a.



Konbyen pye kib sab ki nan 4 yad kib?

$$1 \text{ yad kib} = 27 \text{ pye kib}$$

- A 9
- B 12
- C 64
- D 108

30

Ki fòm ki ta ka reprezante baz yon kòn?

- A sèk
- B kare
- C triyang
- D oktagòn

RETE LA



Ane 7
Egzamen Matematik
Liv 1
6–12 mas 2008

Grade 7
Mathematics Test
Book 1
March 6–12, 2008